ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№4 (24.442) • 2023 гъэм щІышылэм (январым) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэ лъапІэхэр тыным и Іуэхукіэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэ лъапІэхэр етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр**

**Къумахуэ Аслъэн СултІан и къуэм** - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым

**Погореловэ Иннэ Виктор и пхъум** - «Горянка» газетым и корректорым;

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр фІэщын**

**Аттаев Азнор Виктор и къуэм** - «КъБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм и редактор нэхъыщхьэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм щІышылэм и 13-м*
*№5-УГ*

# Зочэнджэщ Кавказ Ищхъэрэм и хабзэубзыху ІэнатІэхэр

**Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм и советым и зэІущІэ Псыхуабэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ.**

ЗЭІУЩІЭМ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыщаІэтар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хыхьэ хэгъэгухэм я хабзэубзыху орган нэхъыщхьэхэр зэрызэдэлэжьэну щІыкІэрщ.

Ставропольем и Думэм и УнафэщІ Великдань Николай жиІащ 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэр КИФЩІ-м и щІыналъэхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ я хабзэ жэрдэм куэдым зэрыхэплъар. Абыхэм яхэтщ Кавказым щхьэкІэ екІуэкІа зэхэуэ гуащІэр Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэгъэпсым хагъэхьэным теухуа законопроектыр. Ставропольем и депутатхэм къыхалъхьа а Іуэхур Парламент зэгухьэныгъэм диІыгъащ, иужькІэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм къыщащтащ. КИФЩІ-м и щІыналъэ зыбжанэм къызэдащтащ Ставропольем къыхилъхьа нэгъуэщІ зы жэрдэми - зыгъэпсэхупІэхэр къызэрагъэсэбэпым хуагъэув уасэр къыхэхыныр 2024 гъэм и кІэ пщІондэ ирагъэкІуэкІыным теухуар.

Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щІыналъэхэм я хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм къыхагъэщащ округым щыпсэу псори нэхъ зытегузэвыхь Іуэхухэм я хэкІыпІэхэр къагъуэтын папщІэ, ахэр зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм хэтахэм жаІащ дзэ къулыкъум пэрытхэм защІэгъэкъуэныр мы зэманым къалэн нэхъыщхьэ дыдэу яІэхэм зэращыщыр, Украинэм щекІуэкІ Іуэхухэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъун зэрыхуейр. Апхуэдэу гулъытэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ хэкупсэу къэгъэхъуныр, социальнэ Іуэхухэмрэ экономикэмрэ егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

Парламентхэр зэлэжь нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм ящыщу увыпІэ хэха зиІэр федеральнэ законодательствэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм тету, щІыналъэхэми я хабзэхэр зэрырагъэфІэкІуапхъэрщ, хэхакІуэхэм депутатхэм зэрызыхуагъазэхэм елэжьынырщ.

Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм и советым къыкІэлъыкІуэ и конференцыр Шэшэн Республикэм щрагъэкІуэкІыну зэІущІэм къыщыхалъхьащ.

КъищынэмыщІауэ, Ставрополь щІыналъэм и Думэмрэ Шэшэн Республикэм и Парламентымрэ зэрызэдэлэжьэну дэфтэрым Іэ щІадзащ.

ЗэІущІэм хэтахэм зыщагъэгъуэзащ щІэныгъэ гуэдзэн щрат, щІалэгъуалэр жыджэру, хэкупсэу щагъасэ «Мэшыкъуэ» къэрал ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Парламент зэгухьэныгъэм и мурадхэр зыхуэгъэзар Урысей Федерацэм и къэрал политикэр КИФЩІ-м щыгъэзэщІэнымкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъуныр, экономикэ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр нэхъ быдэ щІынырщ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынырщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***



# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - мазаем (февралым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.**

**Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**
**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 668-рэ кІэпІейкІи 10-рэ;**
**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 607-рэ кІэпІейкІэ 20-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

● Егъэджакіуэмрэ унэтІакІуэмрэ я илъэс

# Анэдэлъхубзэм и хъумакІуэхэр



**Илъэси 10-м щІигъуауэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ субъектым щокІуэкІ Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфІэкІыр щагъэлъагъуэ «Дызэщхькъым, ауэ дызэхуэдэщ» XII щІыналъэпсо зэпеуэ. Абы хэтщ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм, Адыгэ Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр езыгъэджхэр. Мы гъэм а зэпеуэр къыщызэрагъэпэщащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм. Іуэху дахэм и жэрдэмщІакІуэхэщ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэр, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ щІыпІэ институтхэр, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьынымкІэ ІуэхущІапІэхэр.**

АНЭДЭЛЪХУБЗЭР езыгъэджхэм я зэфІэкІыр къапщытащ кІэлъыплъакІуэ гупым. Абы хэтащ щІыналъэхэм я министерствэхэм я лІыкІуэхэр, абыхэм щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм я ІэщІагъэлІ пашэхэм ящыщхэр. Ди республикэм къыбгъэдэкІыу къэпщытакІуэ гупым хэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм лъэпкъ егъэджэныгъэмкІэ и къудамэм и пашэ Мыз Залинэ.

Анэдэлъхубзэр езыгъэдж ІэщІагъэлІ 20-м щІигъу зэхьэзэхуащ махуитІкІэ. Ди республикэм къыбгъэдэкІыу абы хэтащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ Нарткъалэ дэт сабий гъэсапІэ №5-м щезыгъэдж Гулажын Маринэ, балкъэрыбзэмрэ литературэмрэ Цагъуэ Нурий и цІэр зэрихьэу Налшык дэт курыт школ №31-м щезыгъэдж Бичекуевэ Кулинэ сымэ. Абыхэм зэхьэзэхуэм и утыкум екІуу зыкъыщагъэлъэгъуащ: дерс зэІухахэр ятащ, лэжьыгъэм творческэу зэрыбгъэдыхьэр, литературэмрэ гъуазджэмкІэ яІэ зэфІэкІхэр наІуэ къащІащ.

Зэпеуэм къигъэув къалэнхэм япкъ иткІэ, ди егъэджакІуэхэр хэтащ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Зыщыщ щІыпІэмрэ зыщылажьэ ІуэхущІапІэмрэ ятеухуахэр къыщаІуатэ «ДызэрывгъэцІыху» Іыхьэм егъэджакІуэхэр щытепсэлъыхьащ зыпэрыт ІэнатІэм зэрехъулІэм, ирагъэкІуэкІ егъэджэныгъэ, жылагъуэ Іуэхухэм, лэжьыгъэм нэхъыбэу щыдэзыхьэх унэтІыныгъэхэм, къинэмыщІауэ, щалъхуа щІыналъэхэм дахагъэрэ лъапІэныгъэу бгъэдэлъхэм. «Дерс зэІухахэм» зэпеуэм хэтахэм наІуэ къащІащ ябгъэдэлъ педагогикэ Ізагъым и лъэныкъуэхэр, я лэжьыгъэм лъабжьэ хуащІ методикэ пэрытхэмрэ технологие пашэхэмрэ нэхъ трагъащІэу. «Методикэ мастерской» унэтІыныгъэм егъэджакІуэхэм утыку ирахьащ дерсхэм нэхъыбэу къыщагъэсэбэп лэжьэкІэ мардэхэр, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ ябгъэдэлъ Іэзагъымрэ ІэкІуэлъакІуагъымрэ щыхьэт техъуэ Іэмалхэри щІыгъужу.

Ди гуапэ зэрыхъущи, зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым къалъытащ Гулажын Маринэ и Іуэху зехьэкІэр адрей и хьэрхуэрэгъухэм ящыщ куэдым яйм ефІэкІыу. УнэтІыныгъэхэм Маринэ хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. А псори зэхалъхьэжри, Гулажын Маринэ къыхуагъэфэщащ щІыналъэпсо зэпеуэм ещанэ нагъыщэ зиІэ и щІыхь тхылъыр, саугъэт лъапІи щІыгъуу.

КъинэмыщІауэ, къэпщытакІуэхэм щхьэхуэу къыхагъэщащ Бичекуевэ Кулинэ бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэри. «Анэдэлъхубзэр сакъыу зыхъумэ» унэтІыныгъэмкІэ Кулинэ нэхъыфІу къалъытащ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуа Гулажын Маринэ дохъуэхъу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм ехъулІэныгъэщІэхэр щызыІэригъэхьэу, лъагапІэщІэхэр и плъапІэу куэдрэ узыншэу лэжьэну.

- КупщІафІэу, гукъинэжу екІуэкІащ зэпеуэр. Абы хэта дэтхэнэ егъэджакІуэми лъэкІ къигъэнакъым, Іззагъэрэ зэфІэкІыу бгъэдэлъыр къигъэлъэгъуэн папщІэ, - жеІэ Мыз Залинэ. - Кавказ Ищхъэрэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр зэщхьщ: лъэпкъыбзэр хъумэн, ар зыІурылъ, абы пщІэ хуэзыщІ щІэблэ къэгъэхъун. Фестиваль жыпхъэм хуэкІуа мы зэпеуэр егъэджакІуэхэм я Іуэху зехьэкІэхэмкІэ, гупсысэхэмкІэ щызэдэгуашэ утыкушхуэм хуэдэт. МахуитІкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэр хъуащ зэгурыІуэныгъэм, гуапагъэм, ехъулІэныгъэм хуэгъэпса лъэпкъыбэ зэхыхьэ.

Ди республикэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІуа егъэджакІуэ ІэкІуэлъакІуэхэм дохъуэхъу ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэрагъэхьэу, узыншэу куэдрэ лэжьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЕМУЗ Нинэ: Уи пIэм уимыуджыхьу, ипэкIэ укIуэтэнырщ ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэр



***КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» къэрал дамыгъэм и етIуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща Емуз Нинэ Гъузер и пхъум нобэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.***

***КъБКъУ-м и егъэджакIуэу, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министру, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу лэжьа бзылъхугъэ щыпкъэм и махуэм ирихьэлIэу дыIущIащи, дызытепсэлъыхьам фыщыдогъэгъуазэ.***

**- Нинэ, икъукIэ лэжьыгъэ IэнатIэ купщIафIэ куэд уи щIыбагъ къыдэлъщ, сыщымыуэмэ, ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и инструктору къыщIэбдзауэ щытат. А зэманым сыт хуэдэ гугъэхэр уиIэт?**

- ГъэщIэгъуэну абы хэлъращи, иджыпсту дызыщIэс IуэхущIапIэрщ лэжьэн къыщыщIэздзар, мис мы пэшым къыпэщытым сыщIэсу. Къапщтэмэ, си цIыхущIыкIэрати, сызрикIуэну гъуэгур си нэгу къыщIэзгъэхьэу, мурад пыухыкIахэр сиIэу сыт щыгъуи щытт. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызэрызухыу аспирантурэм сыщIэтIысхьэну, Москва сыкIуэну, си щIэныгъэм хэзгъахъуэу ди къэрал университетым сыщылэжьэну сыкъэкIуэжыну - ахэрат си плъапIэр. Уеблэмэ еджапIэ нэхъыщхьэр къыщызухым, шэч къытесхьэртэкъым щIэныгъэм си гъащIэр зэрытезухуэным. АрщхьэкIэ абдеж университетыр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуххэм лэжьыгъэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуагъэлъагъуэу щытти, сэ зи гугъу пщIа IэнатIэм, комсомолым и Налшык къалэ комитетым и инструктору, срагъэблэгъащ. Ар КъБР-м и Парламентым и япэ къатым щIэст. СыкъакIуэри, комитетым и япэ секретару абы щыгъуэм щыта Ковалёв Валерий сыхуэзэри, лэжьэн щIэздзэну сытригъэгушхуащ. Аспирантурэр зы зэманыфIкIэ зэзгъэтIылъэкIыу, зэуэ си мурадхэр щIысхуэхъуэжауэ щытам иджы согупсысыжри, жылагъуэ Iуэхур сыт щыгъуи сфIэфIу, жыджэру абы сыхэту зэрыщытар арауэ къыщIэкIынущ. КъэскIуа гъуэгуанэм сызэрыхуэарэзыр сыт? Лэжьыгъэ къэслъыхъуэн хуей зэрымыхъуарщ, зэпымыууэ зы IэнатIэ гуэр къысхуагъэлъагъуэу зэрекIуэкIарщ. Ар цIыхум и насып Iыхьэр къызэрыкIуэм елъытауэ арагъэнщ. Уи зэфIэкIыр ялъагъу къудей мыхъуу, гъуэгу къуатынми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъащIэр къызэхъулIащ, къэскIуа гъуэгуанэм и зы махуи сыхущIегъуэжыркъым.

**- Укъыщцыхъуа унагъуэм сыт хуэдэ хабзэхэр илът?**

- Совет зэманым зэрихабзэти, щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ щагъэлъапIэ, абыхэм хуэпабгъэ унагъуэхэм дэри дащыщт. А IуэхугъуитIым пщIэшхуэ иIащ. Ди адэр журналистт. Тбилиси къэрал университетыр къиухауэ, ди щIыпIэ радиом ирагъэблагъэри, абы япэу щылэжьахэм ар яхэтащ. И гъащIэ псор а IэнатIэм триухуащ. Радиом и дыщэ фондым абы и цIэр зэрыхэтым срогушхуэ. Си анэр егъэджакIуэт. Челябинск щIыналъэм къикIри, педагогикэ еджапIэр къиуха нэужь, Ботэщей (Плановскэ) къуажэм щылэжьэну къагъэкIуат. Ар ди адэм и къуажэрати, апхуэдэу а тIур зэIущIэн хуей хъуащ. Дыбынунагъуэшхуэт, хъыджэбзиплI дапIащ. Ди адэ-анэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуащIу щытащ зэшыпхъухэр дызэрыIыгъыу дыкъызэрагъэхъуным. Ар зы лъэныкъуэкIэ совет зэманым и гъэсэныгъэм и лъабжьэ хуэдэу щытт, цIыху зэхущытыкIэхэр икъукIэ ягъэлъапIэрт. Абы щхьэкIэ ди нэхъыжьыфIхэм фIыщIэшхуэ яхузощI.

Согупсысыжри, ди къэухьым зрагъэужьын щхьэкIэ, абыхэм дыздамыша къэнэжауэ къыщIэкIынтэкъым. Уеблэмэ балетымкIэ гупжьей нэгъунэ сыхэтащ. Гугъу дыдэу фIэкIа къызэмыхъулIэми, Налшык къалэм дэт музыкэ школ №2-м сыщеджат. Апхуэдэуи сурэт щIыным зэчий лъэпкъ хузимыIэми, сурэтыщI цIэрыIуэу щыта Ткаченкэ Андрей абы щыгъуэм ди курыт школ №9-м щригъаджэрти, абы и дерсхэми сыкIуат. А IэщIагъэхэр сысымейми, сыщIэкIуэр зыт - къезгъэжьа Iуэхур и кIэм нэзмыгъэсауэ зэи къысхуэгъанэртэкъым. Пионер Iуэхухэм, Орлёнок, Артек лагерхэм - куэдым дыхэтыну, дыщыIэну Iэмал диIащ. Апхуэдэуи абы щыгъуэм Пионерхэм я унэм епхауэ лажьэу щытащ къалэ пионер, комсомол штабхэр. Арати, абыхэм дыхэту, Совет Союз иным япэу зыщытплъыхьауэ щытащ. Киев къалэ жыпIэми, Молдавие, Белоруссие щIыналъэхэрами - къэралыр сурэткIэ мыхъуу, дэ езым ди нэкIэ гъунэгъуу зэдгъэцIыхуну а зэманым апхуэдэ Iэмал диIащ. Ахэр псори уи къэухьым зезыгъэужь Iуэхут, си гукъэкIыж нэхъыфIхэм ящыщщ нобэми.

Ди адэ-анэр, зэрыжысIащи, зэпымыууэ къыдэгугъуащ, нэхъ тфIэфI, дызыхуей IэщIагъэ къыхэтхынымкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ курсыр къыщызухам щыгъуэ, япэу хамэ къэрал си адэ-анэм сагъэкIуэфауэ щытащ. Къапщтэмэ, абдеж ирихьэлIэу сэри унагъуэм хэхъуэ гуэр къыхуэсхьын щIэздзат - етIуанэ курсым Лениным и цIэкIэ щыIэ стипендиер къызатырт, абы щыгъуэм ар егъэджакIуэу лэжьэн щIэзыдзагъащIэм и улахуэм хуэдиз хъурт.

А зэманыр уи нэгу къыщIэзыгъэхьэфыну нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щыIэщ. Абы щыгъуэм ику иту, егъэлея хэмыту псори зэхуэдэу псэурт. Ахъшэм апхуэдиз мыхьэнэ иIакъым. Сэ сызэреплъымкIэ, ахъшэ нэхъыбэ къэлэжьыныр цIыхум мурад нэхъыщхьэ щыхуэхъум деж, лъапIэныгъэ куэд IэщIохуу, фIокIуэд.

Дэ ди унэр Налшык къалэм ПащIэм и уэрамым япэу тращIыхьауэ щытахэм ящыщт. Ар радиом и лэжьакIуэхэм папщIэ яухуат. Ди гъунэгъухэу щытащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Дэбагъуэ Рае сымэ хуэдэ цIыхухэр. Аращи, куэд сигу къэбгъэкIыжащ иджыпсту.

Совет зэманым и нэщэнэхэм ящыщу нэгъуэщI зы гукъэкIыж сфIэфIу сиIэщ, си анэшхуэм деж гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм Ботэщей дыщыкIуэжу щытам епхауэ. Абы и унэр къуажапщэм, Елъхъуэт лъэныкъуэкIэ ущыкIуэкIэ, хуэзэрт. ПщIантIэм укъызэрыдэкIыу, ди гупэмкIэ губгъуэ нэщIышхуэм уIуплъэрт. А щIыпIэрат пщыхьэщхьэкIэ цIыхухэр гуп-гупу щызэхуэсыр - нэхъыжьхэр зэгъусэт, цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ щхьэхуэт. Зэрыгъэгушхуэу, зэдэуэршэру зэхэтт. КIэщIу жыпIэмэ, уаIуплъэныр гухэхъуэт. Ар сурэт теплъэгъуэ хуэдэу си нэгум къыщIохьэж щIэх-щIэхыурэ. ШэщIэху Iэмэпсымэр зиIэм деж хьэблэ псор зэрыщызэхуэсу щытар-щэ! Ар сыт хуэдэ телъыджэт сэркIэ, си анэшхуэм абыхэм сыщызэдишэм. Нобэрей зэманым ебгъапщэмэ, абыхэм я дежкIэ апхуэдэ пщэдджыжьхэр дунейпсо Интернет хуэдэт - къуажэм, районхэм, цIыхухэм ятеухуауэ сыт хуэдэ хъыбар щыIэми, абдеж къыщащIэфынут. Къалэм и псэукIэр апхуэдэкъым, нэгъуэщIщ. Аращи, си анэшхуэм деж къуажэ гъащIэр зэрыщытын хуейм хуэдэу зэрыщыслъэгъуам сэ мыхьэнэ изот. Щапхъэу къэсхьахэр Iуэху къызэрыгуэкI хуэдэу, мыхьэнэшхуэ ямыIэу къыпщыхъункIи хъунщ, ауэ а зи гугъу сщIахэм хуэдэхэращ, сызэреплъымкIэ, цIыхум и къэухьыр зэфIэзыгъэувэр.

**- Нинэ, депутат лэжьыгъэм и гугъу тщIымэ, нэхъыщхьэ дыдэу, абы щыгъуэми нэхъ удэзыхьэхынкIэ хъуну сыт абы хэлъыр?**

- КъБР-м и Парламентым нэхъ пасэуи сыпыщIауэ щытащ. Иджыри сыстуденту ЦIыхубэ депутатхэм я къалэ советым сыхагъэхьат. Ауэ жысIэнкъым абы щыгъуэм а IэнатIэм и мыхьэнэр нэсу къызгурыIуэу щытауэ. ИужькIэ аргуэру зэ, 2004 гъэм, пIалъэ кIэщIкIэ депутат лэжьыгъэм сыхэтащ, абы къыкIэлъыкIуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ-КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр къулыкъур. Ауэ сыт хуэдэ IэнатIэ сыпэрытами, сыт щыгъуи си лэжьыгъэр егъэджэныгъэ Iуэхум пыщIауэ щытащ. ЦIыхум и зэфIэкIыр къыщигъэсэбэпыфын Iэмал щиIэм лъэмыкIын щыIэкъым. Сэ сынасыпыфIэщ фIыуэ слъагъу Iуэхум сызэрыпэрытам щхьэкIэ. ЦIыхум и гъащIэми лэжьыгъэми щынэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэр сэбэп ухъунымрэ дзыхь къыпхуащIу упсэунымрэщи, а тIум ущыхуейщ депутат лэжьыгъэм. Дэ жэуаплыныгъэ тхэлъу законхэр зэрызэхэдгъэувэм елъытауэ щытынущ адэкIэ цIыхум я псэукIэр зыхуэдэнур. Аращи, сэ иджыри къэс егъэджэныгъэ Iуэхум сызэрыхэтар къысхуощхьэпэж, сызиунафэщI комитетым и лэжьыгъэр зыхуэунэтIар аращи.

Депутатым и лэжьыгъэр къызэрехъулIэр къегъэлъагъуэ абы цIыхухэм я дзыхь къызэрырагъэзым, я гуныкъуэгъуэ къызэрырахьэлIэм. Сэ сыт щыгъуи сыхущIокъу КъБР-м и Парламентым къекIуалIэхэм дазэрыIущIэм къыдэкIуэу, социальнэ сетхэм деж зыкъызэрыщытхуагъазэ Iуэхухэми гулъытэ хуэсщIыну. Псалъэм папщIэ, иджыблагъэ къатхащ КъБР-м и Парламентым и унэм зыщаплъыхьыну, законхэр къыщащтэ IуэхущIапIэм зыщагъэгъуэзэну хуейуэ зы бзылъхугъэ гупым гупыж зэраIэр. Апхуэдэу ди лэжьыгъэр цIыхухэм зэрафIэгъэщIэгъуэныр си гуапэщ.

**- 2023 гъэр Урысейм и Президентым игъэуващ ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсу. ЕгъэджакIуэм и пщIэр къэIэтыжынымкIэ КъБР-м и Парламентым сыт хуэдэ Iэмалхэр къигъэсэбэпыфыну?**

- Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм щIалэгъуалэр къыщедгъэблагъэкIэ куэдрэ къыщыдэупщI щыIэщ сыт хуэдэ IэщIагъэхэм щIэупщIэ яIэнуми. СызэреплъымкIэ, мы зэманым псоми я нэхъыщхьэр егъэджакIуэ IэщIагъэращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы дохутырми, инженерми, нэгъуэщI IэщIагъэлIми и лэжьыгъэр къехъулIэнукъым, абы егъэджакIуэм лъабжьэ иримытмэ. Аращи, апхуэдэ къалэнышхуэ зыгъэзащIэхэм мы гъэр зэрыхухахар игъуэ дыдэщ. ЕгъэджакIуэфI имыIауэ, цIыхум зиужьыфынукъым.

Къапщтэмэ, КъБР-м и Парламентым гулъытэ хуищI зэпытщ егъэджакIуэхэм защIэгъэкъуэным. Мызэ-мытIэу къыхэтлъхьащ IэщIагъэлIхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, абыхэм я пщIэр къэIэта зэрыхъунум теухуа Iуэхухэр. Ди зэIущIэхэм къыщытIэтащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» Законым ипкъ иткIэ егъэджакIуэм и хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъур. Ди республикэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр щокIуэкI егъэджакIуэм и пщIэр къэIэтыным, абыхэм я лэжьапщIэр зэрыратым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ псори зэуэ узэрыхуейуэ зэрыпхуэмыщIыр.

КъБР-м и Парламентым и мурадщ КъБКъУ-м и гъусэу, курыт еджапIэхэм педагогикэ классхэр къыщызэIухыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмым и нэIэ тригъэтыну. Си гугъэмкIэ, школхэм апхуэдэ классхэр къыщызэгъэпэщауэ, а IэщIагъэм пасэу хуагъэхьэзыру щытамэ, егъэджакIуэхэр дызэрыримыкъум епха гугъуехь диIэжынутэкъым. Иджыпсту «Къуажэ егъэджакIуэ» программэри нэгъуэщIхэри къызэрыдгъэсэбэпым хуэдэу, пэжыр жытIэнщи, нэрылъагъуу IэщIагъэлIхэр дрикъуркъым.

**- КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэм мыгувэу щIедзэ. УзиунафэщI комитетыр сытхэм елэжьыну, Нинэ?**

- ЗэрыфщIэщи, иужьрей зэманым гулъытэшхуэ къэралым щыхуащI щIалэгъуалэм зегъэужьыным. Абы и лъэныкъуэкIэ ди мурадщ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэдгъэкъуэну. Зэманым къигъэув къалэнхэм зэрызахъуэжым къыхэкIыу, сабий, щIалэгъуалэ, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ къэтщта законхэми зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьэнущ. Апхуэдэуи, зэрыжытIащи, егъэджакIуэхэм я пщIэр къызэрытIэтыну Iэмалхэм адэкIи делэжьынущ. Школхэр зэIузэпэщ зэращIым депутатхэр ткIийуэ кIэлъыплъынущ. Дэ къыдгуроIуэ псори зэхуэдэу зэIузэпэщ зэрыпхуэмыщIынур, ауэ абы дыхущIэкъунущ. Щапхъэу къэсхьынщ «Дыгъэпс къалэ» сабий академиер. Абы зэфIэкI зиIэхэм папщIэ лицей къыщыщызэIутхым, жытIауэ щытат ар къэрал псом къыщалъытэну дызэрыщыгугъыр. Зы илъэсих-блы хуэдэ дэкIауэ арат а еджапIэр Урысейм и егъэджэныгъэ IэнатIэ нэхъ пашэхэм хабжэ щыхъуам. ЖысIэнурати, фIагъым унэсыным зэман хуейщ.

**- Узыпэрыта IэнатIэхэм нэхъ къохъулIауэ къэплъытэ яхэт?**

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэ сыпэрыхьами, зэи сышынакъым щIэрыщIэу Iуэхум зыхэзгъэгъуэзэным. Арауэ къыщIэкIынщ нэхъыщхьэ дыдэр. Сэ щIалэгъуалэм сыт щыгъуи яжызоIэ, сыт хуэдэу лъагэу зумыIэтами, языныкъуэхэм деж лъэбакъуэ зытIущкIэ укъикIуэтыжыным шынагъуэ зэрыпымылъыр. Псалъэм папщIэ, сэ еджапIэ нэхъыщхьэм сыщыщылэжьэну сымыгъэзэжатэмэ, абдеж си щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэрыхэзгъэхъуам зыгуэр кIэричыну къыщIэкIынт. ЕгъэджакIуэу къыщIэздзэу, иужькIэ Педагогикэмрэ психологиемкIэ кафедрэм и унафэщIу сызэрыщыта илъэсийм си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Абдеж щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэху зесхуэну Iэмал щызгъуэтати, кандидат, профессор цIэхэри къакIэлъыкIуащ. АдэкIэ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министру, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу сызэрылэжьар - дэтхэнэри сызэрыгушхуэ ехъулIэныгъэщ. IэнатIэ уиIэр лъагэми лъахъшэми емылъытауэ, уи пIэм уимыуджыхьу, ипэкIэ укIуэтэнырщ ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэр.

**- Сыт хуэдэ тхылъ щIалэгъуалэр деджэну къытхуэбгъэлъэгъуэнт?**

- ЗэрыфщIэщи, си IэщIагъэкIэ сыфилологщ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ сыегъэджакIуэщ. Абы къыхэкIыуи сыт щыгъуи тхылъ куэд седжэу щытащ. Ауэ щIэныгъэ Iуэхум сыхыхьа нэужь, художественнэ литературэм «сыкъыхэкIа» хуэдэу щытщ. Ди адэ-анэм зэхуахьэсын зэрыщIадзэ лъандэрэ ди унэм библиотекэшхуэ иIэ хъуащ - тхылъ мини 5 - 7 хуэдиз къызэщIиубыдэу къыщIэкIынщ. Си гум къыщилъыхъуэ дакъикъэм дэтхэнэри къасщтэу седжэнущ, ауэ пыухыкIауэ мыпхуэдэ тхылъым еджэ бжесIэфынукъым. Ар цIыху къэс езым и псэм нэхъ дыхьэу къыхихын хуейуэ къызолъытэ.

**- Упсэу, Нинэ! ФIыуэ плъагъу лэжьыгъэм гукъыдэж хуиIэу иджыри илъэс куэдкIэ упэрытыну си гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

# Артист Iэзэ, нэхъыжьыфI Къэжэр Борис къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

## ГушыIэкIэ дахэ иIэт

*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и артист Къэжэр Борис псэужамэ, дыгъэгъазэм и 27-м и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут.*

*Щукин Борис и цIэр зезыхьэ театр еджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Къэжэр Борис 1975 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. Ар япэу утыкум къыщихьам наIуэ хъуат зэфIэкI ин зэрыбгъэдэлъыр. Театрым зэрыщылэжьа пIалъэм Iэзагъэу хэлъыр къигъэлъагъуэу ар спектакль 85-м щIигъум щыджэгуащ. Абыхэм ящыщщ Закировым и ролыр (Абдуллин А. «ЕпщыкIущанэ тхьэмадэ»), Ной (Ричард Н. «Уэшх зыщэ»), Паскуалинэ (Эдуардо де Филиппо «Купьелло гуащэм и унэм къыщрагъэхьа илъэсыщIэр»), Нинел (Николаи А. «Гулъытэншэ хъуахэр»), Мэжид (Ольмезов М. «Унэ лъапIэ»), нэгъуэщIхэри. Актёр Iэзэу зэрыщытыр Къэжэр Борис къыщигъэлъэгъуащ «Шууей», «Къуршхэр жеиркъым», «Сабий пщIыхьхэр», «ЗэуэщIэ» кинофильмхэм.*

*А псом къыдэкIуэу, Борис цIыху гуапэт, и лэжьэгъухэм сыт и лъэныкъуэкIи гулъытэшхуэ яхуищIырт. Ар щIэныгъэ зиIэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху гъэсат икIи и лэжьэгъу гупым нэхъыжьыфIу яхэтащ. Ар ущиякIуэ, чэнджэщэгъу, гъуэгугъэлъагъуэ куэдым яхуэхъуащ. Артистыр зыцIыхуу щытахэм ягу къыщагъэкIыжкIэ, япэщIыкIэ и гушыIэкIэ дахэрщ зи гугъу ящIыр. А гукъэкIыжхэм ящыщ зыбжанэ ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.*



ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

## Хуэдэр зырызщ

Къэжэр Борис уигу къыщыбгъэкIыжкIэ, и гушыIэ дахэхэмрэ и дуней тетыкIэ екIумрэ и гущIыIу къокIуэ. Абы теухуауэ ди театрым щылажьэ дэтхэнэми хъыбар дахэ къыбжиIэжыфынущ. Сэри зы хъыбаркIэ сывдэгуэшэнщ.

Еджэн къэдухри, театрым къэдгъэзэжагъащIэу, Головко уэрамымкIэ сыкърикIуэу, гъуэгум сыкъызэпрыкIыну сыщыту зыгуэр къызэфийуэ зэхызох, сызэплъэкIмэ, аддэ Лениным и уэрамым деж зыгуэр щыту солъагъу, Борис хуэдэуи къысщохъу. И Iэр къещI, «мыдэ къакIуэ», жыхуиIэу. Уэлэхьи, мыр зыгуэр щхьэкIэ мэгузавэмэ, лэжьапIэм нэмыкIуэфынумэ, къызжиIэну арауэ пIэрэ, жызоIэри, сыпIащIэу согъэзэж. Сынэсмэ, зэрыщытауэ щытщ. Сэлам еса иужькIэ: «Сыту фIыуэ сыпхуэзат, си закъуэ театрым нэс сызэрыкIуэнур къызэхьэлъэкIырт», - жиIэри щIэгуфIыкIащ.

Акъыл жан, гупсысэ дахэ зиIэ цIыхут. ЗэрыжаIэмкIэ, абы и анэм цIыхухэр чэнджэщакIуэ къыхуекIуэу, егъэлеяуэ цIыху губзыгъэу щытащ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Борис абы ещхь хъужауэ арат. Абы и цIэр къызэрыраIуэу, гупым фIы, дахэ защIэщ дигу къэкIыжыр. АртистыфIт, и лэжьыгъэр, ролыр зэрыригъэфIэкIуэным дапщэщи яужь итт. СызэреплъымкIэ, арат абы и Iэзагъэм и щэху нэхъыщхьэр. Абы и роль дэтхэнэри сэркIэ гукъинэжщ. Къэжэр Борис хуэдэр зырызыххэщ.

**ХЬЭЩЭ Къанщобий**,
*Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист.*

## Жьыми щIэми ядекIуэкIырт

Борис цIыху телъыджэу, гъэщIэгъуэну дунейм тетащ. Абы игъэзащIэ ролхэм и псэм щыщ Iыхьэ, къару ин хилъхьэрти, уигу къимынэжынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Жьыми щIэми ядекIурт, театрым щылажьэ дэтхэнэми ди гум фIыкIэ къинэжащ. Абы къыджиIауэ щытахэр дигу къэдгъэкIыж зэпытщ. Артист цIыхубзхэм унагъуэ тщIыну, артист Iэщ1агъэмрэ унагъуэмрэ тIум яз IэщIыб щIын хуей хъумэ, унагъуэр псом япэ идгъэщмэ дызэрыщымыуэнур къыджиIэрейт. «Бынрэ унагъуэрэ уимыIэу зыкъыумыгъанэ!»,- къызжиIэрт дапщэщи. Унагъуэ сыщыхъуам ар зэрыгуфIар ноби сощIэж.

Зыми емыщхь гушыIэ дахэ хэлът абы. Дыщылэжьэнур къиищIэну щIэх-щIэхыурэ си деж нэпсалъэрти, мыпхуэдэу къригъажьэрт:

- Ей, сыту сытхьэмыщкIэ сэ!
- Ар сыт щхьэкIэ? - жысIэмэ.
- Уэ нэхъ губзыгъэ зымыгъуэту уи деж щIэупщIакIуэ нэзыщIа сэ сытхьэмыщкIэкъэ-тIэ? - жиIэрти, гушыIэкIэ иришажьэрт.

Ауэ щыхъукIи, гулъытэшхуэ зыхэлъ нэхъыжьыфIт Борис. РолыщIэ къыдатамэ, нэхъыфI зэрытщIынум теухуауэ и чэнджэщ дыщIигъэдэIуэрт. Радио, телевиденэкIэ дыкъэпсалъэу зэхихамэ, игу ирихьамрэ иримыхьамрэ щабэ дыдэу къыдгуригъаIуэрт. КъызэрымыкIуэу дыхуэныкъуэщ. Махуэ щIагъуэ дэкIыркъым театрым щылажьэхэм Борис дигу къэмыкIыжу.

Хугаев Георгий и тхыгъэм къытращIыкIа «ЩIакIуэ фIыцIэ» спектаклым шыдым и ролыр щигъэзащIэу япэ дыдэу Борис театрым щыслъэгъуауэ щытат. Сытым хуэдэу сыдихьэхат! Сэ нэхъыфI дыдэу слъагъуу абы игъэзэщIахэм ящыщщ Нинел и ролыр («Гулъытэншэ хъуахэр»). Апхуэдизкiэ ар абы фIыуэ къехъулIат, гурэ псэкIэ зыхищIати, езыр дунейм ехыжа иужь спектаклыр ди театрым къыщагъэлъэгъуэн щагъэтат.

Иужь дыдэу абырэ сэрэ зэгъусэу дыщыджэгуар «Унэ лъапIэ» спектакл-ращ. Абы щыгъуэ Борис нэхъ сымаджэ къэхъуауэ, и нэхэми тэмэму ялъагъужыртэкъым, ауэ апхуэдизкIэ театрыр фIыуэ илъагъурти, и узыншагъэм къыхигъэзыхьми, и лIыгъэ тригъакIуэрти, джэгуат.

ГъащIэ дахэ, хъуэпсэгъуэ къигъэщIащ Борис. Сэ сызэреплъымкIэ, насыпщ дунейм уехыжа иужькIэ апхуэдиз псалъэ дахэ къыпхужаIэну, цIыхум я гум фIыкIэ укъинэну. Ар зи фIыгъэр, дауи, езы Борис и дуней тетыкIэрщ.

**КIЭХУМАХУЭ ФатIимэ**,
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.*

## «Зи насып, уджэгурэ?!»

Дызэдеджащ Борисрэ сэрэ. ФIыуэ дызэрылъагъуу, гъащIэм и махуэфI-махуае куэд зэдэдгуэшу дыкъызэдекIуэкIащ. Армэ нэужьым заводым щылажьэу, и Iуэхухэри фIы дыдэу зэтеувэу хуежьауэ, театрымкIэ иунэтIыжат.

Театрым дыщылэжьэну дыкъэкIуэжа иужькIэ, Борис и зэчийм хуэфэщэн роль куэдрэ къратакъым. Ауэ иужькIэ, роль нэхъыщхьэ куэд фIы дыдэу, гуимыхужу игъэзэщIат. Апхуэдэу сэ сигу къинэжащ Фырэ Руслан игъэуваув щыта «ГуапагъэтIэкIу» (зытхар Нилой А.) спектаклыр. Сэ режиссёру згъэуваув «Купьелло гуащэм и унэм къыщрагъэхьа илъэсыщIэр» спектаклым абы Паскуалинэ и роль къылъысар, къыхуэт щымыIэу, фIы дыдэу ищIат.

Иужьрейуэ дэ зэгъусэу дгъэзэщIауэ щытащ Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэ» спектаклым хэт Мэжид и ролыр. А лъэхъэнэм ар сымаджэт. Гъуэрыгъуэурэ а ролыр дгъэзащIэу арати, си джэгугъуэ пщыхьэщхьэм къэпсалъэри: «Зи насып, уджэгурэ?! Сыт хуэдэу сынохъуапсэрэ!» - къызжиIат. КъыкIэлъыкIуэ чэзур езым ейт, ауэ етIуанэ махуэм Борис дунейм ехыжащ...

Борис гупсэхуу, губзыгъэу псалъэрт. Унагъуэшхуэ къыхэкIат ар, зэкъуэшиплIым я нэхъыжьти, жэуаплыныгъэ ин ихьу, псоми ятеубгъуауэ къэхъуащ. Арагъэнщ ар гуп зыхэтми ятеубгъуауэ, яхуэгумащIэу, дэтхэнэми и Iуэху зытетыр ищIэу щIыщытар.

Зыгуэрым убгъэдыхьэу уечэнджэщынумэ, Борис уфIэкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Къызэрымыкlуэу нэхъыжьыфIт. Зэи сэри ди театрым щылажьэхэри дыкъигъэщIэхъуакъым. Ар зыщIэр мащIэщ, ауэ Борис щэхуу усэ итхыу щытащ.

Борис и гугъу щытщIкIэ, абы и гушыIэ дахэр лъэныкъуэкIэ къэдгъэнэнкIэ Iэмал иIэкъым. Псалъэм папщIэ, мыр сигу къокIыж.

Москва дыщыщеджэм, Химки щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм я деж дыкIуэрейт. Борис сыт и лъэныкъуэкIи цIыху пэжт. ДыщыкIуэм билет къэтщэхуну абы дыхигъэзыхьами, зытхъунщIэу автобусым дитIысхьауэ дист, гъуэгупщIэм къыдэдгъахуэмкIэ тшхын гуэр къэтщэхун мурад диIэу. Сытми, зыми зыри къыджимыIэу дыздэкIуэм дынэсати, дыкъэжанауэ Борис зыхуэдгъэлъыхъужт. Къэдгъэзэжауэ дыкъыщыкIуэжым, дауи, аргуэру билетыншэу дыкъитIысхьащ. Арати, Борис тхэкIри, и закъуэу тIысауэ зыщIыпIэ деж щысу, кондукторыр къохьэ. Ди гупым къыдблэкIри, абы бгъэдыхьащ. Борис щыхагъэзыхьым, ней-нейуэ къыдэплъщ, щIэгуфIыкIри: «Уэлэхьи, и у меня нет, и у них нет билета», - жиIэри и Iэр ди дежкIэ къищIащ. Тхури автобусым дыкърахури, лъэсу дыкъэкIуэжат (мэдыхьэшх). ГушыIэшхуэ хэлъащ. Ди гупым абы и псалъэ шэрыуэхэр дигу къэдгъэкIыж зэпытщ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир**,
*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ.*

## Зэныбжьэгъу псори зы ныбжькъым

Абырэ сэрэ дызэныбжьэгъуащ. Зэныбжьэгъу псори зы ныбжькъым, жыхуаIэр пэжщ. Борис хуэдэ ныбжьэгъу уиIэныр сэркIэ фIыгъуэшхуэт. Сэ схуэдэ нэхъыщIэ куэд абы и псалъэ дахэхэм ягъэгушхуащ, яунэтIащ.

Борис езыр зыхэмыт спектаклхэри фIэгъэщIэгъуэнт, ар зэрекIуэкIар, цIыхухэм къазэрыщыхъуар дапщэщи зригъэщIэну пIащIэрт, апхуэдизкIэ театрыр фIыуэ илъагъурти.

Сабиишхуэм хуэдэт Борис. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы дунейр щхьэукIыжкIэу зыхищIэрт, куэд фIэгъэщIэгъуэнт, нэхъыщхьэраhщи, псэ къабзэт. ГъащIэ къэзыгъэщIа цIыхум и псэр къабзэу ихъумэн папщIэ, къызэрымыкIуэу къаруушхуэ хуейщ.

ЩIэх-щIэхыурэ дызэпсалъэрт. Моуэ зы махуэ, махуитI сылъымыгъуазэу дэзгъэкIамэ, «ЛIо, сызэбгъэсауэ укъыщIэмыпсэлъэжыр?», - жиIэу къызэхъурджауэрт.

Еуэри, театрыр зекIуэ дежьауэ, ди гъусэхэм ящыщ зым и паспорт автобусым къыщызгъэутат. Ар зейм щестыжым, зэтрипхъуэтщ, тебзэ щIагъым щIэлъ ахъшэр зэрымыкIуэдар илъагъури, къэгуфIэжат. Ар зылъэгъуа Борис сызришалIэри: «Уэ тIэкIу зэрыпхухэтыр сщIэрт, ауэ уэзрыделэ дыдэр нобэщ къыщысщIар. Паспортми щыгуфIыкIынут ар!», - жиIэри дыхьэшхауэ щытащ.

Иужьрейуэ Москва еджапIэ къикIыжу ди театрым къэкIуэжа щIалэгъуалэм абы яжриIа псалъэ дахэхэр гуимыхужт. IэщIагъэр фIыуэ лъагъун зэрыхуейм, унагъуэ, я щхьэ Iуэху зэрахуэну дахэ дыдэу къыхуриджауэ щытащ.

ЩIэпIуантIэу лажьэ сыхьэтым а щIэзыIуантIэр хэмытмэ, адрей псоми я мыхьэнэр мэкIуэд. Борис щIэзыIуантIэм игъэзащIэ къалэным хуэдэ гъащIэм щигъэзэщIауэ къысщохъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дапщэщи и зэману, игъуэу утригъэгушхуэрт. Ар къыщыбжиIэн хуей зэманыр сыт хуэдэ гурыгъуазэкIэ къищIэми сщIэртэкъым.

Сымаджэ хъуауэ лэжьапIэм къыщыкIуэм щыгъуэ, зэрымыщIэкIэ срихьэлIа хуэдэ, сыпежьэурэ къыщIэсшэрт, «Борис, зыпкIэрысщIэу уи гъусэу сыныщIыхьэ хъуну?» - жысIэурэ. Махуэ гуэрым: «Алыхьыр арэзы къыпхухъу, къысхуэпщI пщIэри гулъытэри сэркIэ лъапIэщ, щыбым щегъэжьауэ укъызэрыспежьэри укъызэрызэжьэри сощIэ!», - сэлам къызихыжым хуэдэу, къызжиIат Борис.

Iэпкълъэпкъымрэпсэмрэзэрызэпхам хуэдэу, Борис и IэщIагъэмрэ и гъащIэмрэ зэпхат. Ар иужь дыдэу щыджэгуар Фырэ Руслан игъэува «Унэ лъапIэ» спектаклрат.

Пщыхьэщхьэм спектаклым дыджэгуауэ гримёркэм сыкъыщIыхьэжауэ си телефоным сеплъмэ, Борис къищIауэ тетт. СыпIащIэу хузощIыж, дызэрыджэгуам щIэупщIэну арауэ сыщыгугъыу. И къуэшым и къуэ Аслъэн и макъыр зэрызэхэсхыу, Борис зэрыщымыIэжыр къызгурыIуат.

Ар зэрыхъуар плъагъурэ: Борис иужь дыдэу зыхэта спектаклым дэ дыщыджэгуауэ Iупхъуэр щызэхуэтщIыжымрэ Борис и псэ хэкIыгъуэмрэ зы хъуат...

Дыхуэарэзыщ. Алыхьым жэнэтыр унапIэ хуищI.

**ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд**,
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.*

# Iэмалхэр къыумыгъэсэбэпмэ...

**Адыгэхэри балъкъэрхэри ижь-ижьыж лъандэрэ Iэщ гъэхъуным егугъухэу, ар егъэфIэкIуэным къару куэд трагъэкIуадэу къекIуэкIащ. Зыхуей хуэзэу псэун щхьэкIэ, зи Iуэху нэхъ хуэзэ унагъуэхэм ягъэхъурт былыми, мэли, шыи, бжэни. Унагъуэхэр нэхъыбэу зэрыпсэур жэмышэм, мэлылым, мэлышэм къыхащIыкI шхыныгъуэхэрт. Къищынэмыщlауэ, куэду къагъэсэбэпырт мэлыфэри мэлыцри. Абыхэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэм цIыхухэм я узыншагъэр яхъумэрт.**

**● ЩIэныгъэлIым и псалъэ**



ДАУИ, пхужыIэнукъым Iэщ гъэхъуныр IэнатIэ тыншу. Ар сыт хуэдэ Iэщи ирехъуи, абы хьер къыпыпхын щхьэкIэ, лэжьыпхъэ псори езэш уимыIэу, утемыплъэкъукIыу бгъэзэщIэн хуейщ. ЩIымахуи, гъатхи, гъэмахуи, уэс къыщеси, уэшх къыщешхи Iэщым ехьэлIэн хуей лэжьыгъэр зэпыбгъэумэ, ехъулIэныгъи уиIэнукъым. Абы нэмыщIи зоотехние, ветеринарие лэжьыгъэхэри увыIэгъуэ имыIэу егъэкIуэкIын хуейщ. Ар Iэпэдэгъэлэл пщIымэ, Iэщым тэмэму заужьынукъым, хьери къапыкIынукъым.

Адыгэ хабзэр къапщтэмэ, гуфIэгъуэ махуэхэм мэл нышу укIыныр Iэмал имыIэу щытащ. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэшхуэми адыгэ Iэнэм къытехьэн хуейт нышу яукIа мэлым и щхьэщIылъэныкъуэр. Ар хьэщIэм, благъэм, ныбжьэгъум пщIэ зэрыхуащI хабзэт. Иджы мэл бжыгъэри мащIэ, мэлылри лъапIей хъуащи, хьэщIэфI уиIэми, ныбжьэгъуфI унагъуэм къихьами, мэл нышу зыукIыфыр мащIэ дыдэщ. Абы и щIыIужкIи, ди деж щагъэхъуу щыта мэл лъэпкъыфIхэр ягъэкIуэдыжащи, ди бэзэрхэми тыкуэнхэми мэлыл IэфI щыбгъуэтыжыркъым. Абыхэм щащэ мэлхэр Дагъыстэным, Къалмыкъым е Ставрополь кърашу аращ. Ауэ абы и лъэныкъуэкIэ ди республикэм хэкIыпIэ хъарзынэхэр щыIэщ. Дунейм и щытыкIэмрэ мэкъумылэр зыхуэдэмрэ елъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а IэнатIэм фейдэ пылъу зыщыпхуегъэужьынущ. ЩIымахуэ зэманым ди деж уэсу къыщесыр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, мэлхэр щIымахуэми бгъэхъуакIуэ зэрыхъунур абы хэплъхьэжмэ, а псэущхьэхэр гъэхъуным текIуэдэнур нэхъ мащIэ зэрыхъунур нэрылъагъущ. ЦIыхум игъэхъу Iэщ псори къапщтэмэ, абыхэм яхэткъым мэлым нэхърэ нэхъ фейдэ къызыпыкI. Сэбэпынагъышхуэ пылъу къагъэсэбэп абы ицри, илри, и шэри, и щэри, и фэри.

Ди нэхъыжьыфIхэм фIыуэ къагурыIуэрт Iэщымрэ щIымрэ хьер нэхъыбэ къыпыпхыу зэрелэжьын хуей щIыкIэхэр. Климатым, мэкъумылэу яхузэгъэпэщынум елъытауэ сыт хуэдэ Iэщ пIыгъ хъунуми тэмэму яубзыхурт. Хозяйствэ языныкъуэхэм былымыр щынэхъыбэу, абы нэмыщI мэлрэ шырэ ягъэхъуу, е мэлыр щынэхъыбэу, апхуэдэуи былымрэ шырэ ягъэхъуу щытащ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм сыт и лъэныкъуэкIи я лэжьыгъэр иригъэфIакIуэрт.

Къызэрахутамкlэ, хъупIэхэм къыщыкIыу къалъытэ удз зэмылIэужьыгъуэ 800-м щыщу Iэщ зэхуэмыдэхэм яшхыфыр зэхуэдизкъым. Шым хуэшхыр кг 416-рэщ, былымым - 460-рэщ, мэлым ешхыф 570-м щIигъу. Мэлыр фIыуэ щохъуэкIуэф тафэми, бгыхэми, мывалъэхэми, удз лъагуэ е удз цIырхъ фIэкIа къызытемыкIэ хъупIэхэми. Мэлым ешхыф удз дыджхэри, мэ гуащIэ къызыпиххэри, удзыжьхэри. Абы нэмыщI, гъавэр щыIуахыжкIэ къыкIэрыщэща хьэдзэхэмрэ щхьэмыжхэмрэ, тхьэмпэхэмрэ удз къудамэ цIыкIухэмрэ къззыщыпыжыф мэлымрэ бжэнымрэ фIэкIа Iэщхэм яхэткъым. Нартыху жэпкъхэм тет хьэдзэхэри къэмынэIауэ трагъэкъэбзыкIыф. Мыпхуэдэ къэкIыгъэ кIэрыхубжьэрыхухэм къэуату хэлъым хуэдиз мэкъум хэлъкъым. Аращ апхуэдэ Iусхэр къззыгъэсэбэп хозяйствэхэм я мэлхэм лышхуэ щIызытралъхьэр, я хэхъуэри нэхъ ин зыщIыр.

Мыри ящIапхъэщ Iэщ зыгъэхъухэм: мэл щыхъуэкIуа хъупIэм Iэщышхуэм зигъэнщIу къытрихъукIын щигъуэтыжынукъым, ауэ мэлым Iэщышхуэр щыхъуэкIуа хъупIэм зигъэнщIу къытрихъукIын сыт щыгъуи щегъуэт. Псалъэм папщIэ, жэми 100 щыхъуэкIуа хъупIэм къытрахъукIыфынур яуха иужькIэ, мэл 500-м ирикъуу къытрахъукIын иджыри щагъуэтынущ. Мыпхуэдэ фIагъи иIэщ мэлым - килограмми 100 хьэлъагъ къэс мэлым тригъэкIуадэ Iус гъущэр зэрыхъур килограмми 2,3 - 2,7-рэщ, былымым абы килограмми 3,5 - 4 трегъэкIуадэ.

Мэлми адрей Iэщхэми фейдэ къапыпхын папщIэ, ахэр щыбгъэхъу щIыпIэм сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ езэгъхэр щыуагъэншэу къыхэхын хуейщ. Зы гукъэкIыж цIыкIу къыфхуэсIуэтэжыну сыхуейт абы ехьэлIауэ. Институтыр къызэрызухыу 1958 гъэм зоотехник нэхъыщхьэу «Мало-кабардинский» мэл совхозым сагъэкIуат. Совхозым и директор Голубых В.А. комиссэ къызэригъэпэщщ, си IэнатIэм ехьэлIауэ си пщэ къыдэхуэну псоми щыгъуазэ сыхуащIри Iэ трызагъэдзэжащ. А зэманым совхозыр Iэщ гъэхъунымкIэ республикэм нэхъ къыщыкIэрыху дыдэхэм ящыщт. Былымхэри мэлхэри Iуей узым иубыдауэ сымаджэт, Iэщыхъуэхэр ярикъуртэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, сызыщыгуфIыкIын слъагъуртэкъым. Хозяйствэм хъупIэу иIэм тафэу хэтыр мащIэт, гъэмахуэр хуабэвэхт, уэшх къыщемышхыххи къэхъуу. Езырезыру къэкI удзхэр хъупIэхэм щыкуэд щхьэкIэ, ахэр дыгъэвэхым трилыгъукIыжырти, Iэщышхуэм къытрихъукIын игъуэтыртэкъым. А псор къэлъытауэ хьер нэхъ къызыпахыфыну Iэщ лIэужьыгъуэр къахухэмыхыурэ хозяйствэм Iэщыр плIэнейрэ щахъуэжат. ЯпэщIыкIэ, каракуль мэл лъэпкъ ягъэхъуну щIадзэри, дунейм и щытыкIэм ар емызэгъыу щагъэтыжат. ЕтIуанэу, тэрч шы лъэпкъым хуэдэ ягъэхъуну хуежьэри, щхьэусыгъуэ куэд къыкъуэкIат ар къазэремыхъулIэнум ехьэлIауэ. Ещанэу, шэ совхоз ящIыну траухуэри, ари зэрыхуейм хуэдэу хъуакъым. ЕплIанэу, Мэлбахъуэ Тиморэ и чэнджэщкIэ, мэл гъэхъуныр къыхахауэ, иджы зи ужь итыр арат. КIэщIу жыпIэмэ, си пщэ къыдэхуат мэл гъэхъуныр фейдэ къызыпыкI IэнатIэ совхозым щысщIыну. Куэдым ящIэж хозяйствэм абыкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьауэ зэрыщытар.

Мыбдежым къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейт мыпхуэдэ бжыгъэхэри. Москва дэт инженер институтым иригъэкIуэкIауэ щыта геоботаникэ къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, езыр-езыру къэкI удз зытет хъупIэрэ мэкъупIэу КъБР-м иIэр гектар мин 416-рэ мэхъу, абы щыщу бгылъэ хъупIэхэр гектар мин 260-м щIегъу. Абы хэтщ бгы лъагэ хъупIэхэу, дэкIыгъуей-ехыгъуейуэ гектар мин 90-м нэблагъэ, мэл фIэкIа нэгъуэщI Iэщ тэмэму щымыхъуэкIуэфу. А щIыпIэхэм гъэмахуэ лъэхъэнэм мази 3-кIэ мэл мин 300 щыбгъэхъуакIуэ хъунущ. Псори зэхэту бгылъэ щIыпIэхэм щыпIыгъыфынущ мэл мин 560-м щIигъу, адрей Iэщхэм зэран яхуэмыхъуу.

Колхоз-совхозхэр щыщыIа зэманым, мэлым къыпыкI псори къэралым зэрищэхум тещIыхьауэ, мэлыцымрэ мэлыфэмрэ хуэзэ хэхъуэр процент 60, мэлылым хуэзэр процент 40 хъурт. Иджы мэлыцымрэ мэлыфэмрэ зэращэху уасэр егъэлеяуэ ираудыхащи, абыхэм я уасэр зэрыхъужыр проценти 9-щ, адрей процент 91-р мэлылым тохуэ. Ауэ мэлыл уасэр апхуэдэу дэуеями, мэлым текIуадэ псори абы хуэпшыныжынукъым, цымрэ фэмрэ уасэ ямыIэмэ. Мыбдежым щыжыIэн хуейщ мэлым къыдитыфыну продукцэ псори - цыр, лыр, шэр, щэр, фэр къызэредмыгъэлэжьыр. Апхуэдэ никъусаныгъэр бгъэкIуэдмэ, мэлым сыт щыгъуи хьери хэхъуи иIэнущ, сыту жыпIэмэ Iэщ лIэужьыгъуэу ягъэхъу псоми, мэлым хуэдэу продукцэ лIэужьыгъуэ куэд, фIагъ зиIэ, сэбэпынагъышхуэ къызыпыкI яхэткъыми.

Мэлыцым къыхагъэкъэбзыкIа дагъэр хуабжьу цIэрыIуэщ. Абы зэреджэр ланолинщ. Ланолиныр фармацевтикэ, косметикэ промышленностхэм къыщагъэсэбэп, хущхъуэ, напэщыхуэ хуэдэхэр щащIкIэ. Абыхэм цIыхум и Iэпкълъэпкъым хэт узыфэхэр ирагъэхъуж. ЛанолинкIэ зэлэжьа щэкIым цIыхур радиацэ зэмылIэужьыгъуэхэм щехъумэ. Абы нэмыщIи цыдагъэм (жиропотым) къыхащIыкI мэлыц фIейр зэражьыщI сабын, минерал щIыгъэпшэрхэр, машинэ дагъэ, нэгъуэщIхэри. Мэлыцым, мэлыфэм къыхэщIыкIа щыгъын зыщыгъ цIыхухэр аллергиекIи, щIыIэузкIи сымаджэ хъурейкъым. Арауэ къыщIэкIынщ ипэкIэ адыгэхэм сабийхэр хъурыфэм трагъэтIысхьэурэ япIу щIыщытар.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутэмкIэ, синтетикэм къыхэщIыкIа щыгъынхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къагъэсэбэпын зэрыщIадзэрэ цIыхухэм къеуз хъуащ аллергие зэмыщхьу 100-м щIигъу. Медицинэм къызэрилъытэмкIэ, мэлыцым къыхэщIыкIа щэкIыу зы цIыхум хуэзэу илъэсым метр зэбгъузэнатIэу 4,2-рэ къыщIэгъэкIын хуейщ. Ди зэманым апхуэдэ щэкIыу Урысейм щагъэхьэзырыр метр зэбгъузэнатIэм и Iыхьэ пщIанэ къудейщ. Ар цIыхум и узыншагъэм ехьэлIауэ узэгупсысын, узыгъэгузэвэн Iуэхугъуэшхуэщ.

Химие налъэхэр гъэхьэзырыным зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтам щэкIхэм мэлыцрэ бжьэхуцу халъхьэр куэдкIэ нэхъ мащIэ ищIащ. Ди зэманым дуней псом щэкIыу щащIым цыуэ хэлъыр зэрыхъур процент 1,3-щ, химическэ налъэхэр процент 75-м щIегъу. Аращи, цы зыхэмылъ щыгъыныгъуэхэр куэдыIуэ зэрыхъуам цIыхум и узыншагъэр хуэм-хуэмурэ екъутэ.

Дызэрыт зэманым мэлылымрэ мэлышэмрэ къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр дуней псом нэхъыфI дыдэхэм щыхабжэ. Абы къэуатышхуэ щIэлъщ. Мэлылым и щэ дагъэм холестерину хэлъыр былымылым ейм нэхърэ 2,5-кIэ, кхъуэлым ейм нэхърэ 4-кIэ нэхъ мащIэщ. Мэлылымрэ мэлышэмрэ я фIагъыр нэхъри хэзыгъахъуэхэм ящыщщ абыхэм лецитин зэрыхэлъыр. Адрей IэщхэкIхэм апхуэдэ яхэлъкъым. КъызэрахутамкIэ, мэлылыр нэхъ зи шхыныгъуэ цIыхухэм я холестериныр мащIи куэди зымыщIыр абы хэлъ лецитинырщ. Апхуэдэу, кхъуэлымрэ былымылымрэ елъытауэ, мэлылым фторрэ хрому тIукIэ нэхъыбэ зэрыхэлъым дзэм телъ эмалыр быдэу къызэтрегъанэ, кариес игъэхъуркъым. Пасэрей медицинэм къилъытэу щытащ Кавказым щыпсэу цIыхухэр куэдрэ щIэпсэур мэлылыр нэхъыбэу я шхыныгъуэу зэрыщытырауэ. Иджы къызэрахутамкIэ, мэлыр жьэн узкIи сымаджэкъым, маркуи иIэкъым. А псом нэмыщIыж, мэлылымрэ мэлышэмрэ къыхэщIыкIа шхынхэм яхэлъщ цIыхум и Iэпкълъэпкъыр Iэмал имыIэу зыхуеину пкъыгъуэ псори, псом хуэмыдэу, фIыуэ икIи псынщIэу хуэгъэткIу аминокислотахэр. ЛыхэкI, шэхэкI ерыскъыхэм хэлъ белокхэр нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. ЩIэныгъэлIхэм къалъытэ аминокислотахэр зыхэлъ белок зымышх сыт хуэдэ псэущхьэми гъащIэ имыIэну. Лыр къапщтэмэ, абы и белокыр нэхъыфIу ябж триптофаныр нэхъыбэху, оксипролиныр нэхъ мащIэху.

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъыр зэхуэфIу щытын щхьэкIэ, абы зы илъэсым ишхын хуейуэ къалъытэ лыуэ килограмм 82-рэ, абы щыщу мэлылыр килограмм 12 хъун хуейщ. 2020 гъэм Урысейм щыпсэухэм зы цIыхум хуэзэу лыуэ яшхар килограмм 69,2-рэщ, абы щыщу мэлылыр зэрыхъур килограмм 1,3-рэщ. Мэлылыр нэхъ мащIэу яшх щыхъуар ди къэралым и закъуэкъым. Дуней псор къапщтэмэ, япэ увыпIэр зыIыгъыр джэдыл къэлэжьынырщ, етIуанэр былымылым иIыгъщ, ещанэр - кхъуэлым. Мэлылыр еплIанэу аращ. ЦIыхум ишх лыхэкIхэм ящыщу мэлылыр нэхъ мащIэ дыдэ хъуащ.

Мэлышэр ящыщщ цIыхум и узыншагъэр езыгъэфIакIуэ, сэбэпынагъышхуэ зиIэ ерыскъыхэм. Абы хэлъщ цIыху Iэпкълъэпкъыр зыхуей пкъыгъуэу 100-м щIигъу. Жэмышэм елъытауэ, мэлышэм белокрэ дагъэу хэлъыр тIум нэблагъэкIэ нэхъыбэщ. Мэлышэм къэуату щIэлъщ бжэнышэм нэхърэ процент 46-кIэ, жэмышэм нэхърэ процент 66-кIэ нэхъыбэ. Апхуэдэу мэлышэм хэлъщ цIыху Iэпкълъэпкъыр хуэмеинкIэ Iэмал зимыIэ аминокислотахэр, витаминхэмрэ минеральнэ шыгъухэмрэ.

Иужьрей илъэсхэм къэрал нэхъ зызыужьахэр йогугъу мэлышэр куэду къэлэжьыным. Абы къыхащIыкI щIэупщIэшхуэ зиIэ шхыныгъуэфIхэр. Ахэр сабийхэми, сымаджэхэми, зи ныбжь хэкIуэтахэми я лъатэм фIыуэ егъэткIу, къэуатышхуи зиIэ ерыскъыщ. Псом хуэмыдэу ахэр сэбэпщ сабий сымаджэхэм, жьы хъуахэм, операцэ ящIагъащIэхэм я дежкIэ.

Дызэрыт зэманым щынэлымрэ мэлышэмрэ къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэм нэхърэ нэхъ щIэупщIэшхуэ зиIи, нэхъ лъапIи щыIэкъым. Псалъэм папщIэ, дунейпсо рынокым мэлылыр былымылым нэхърэ щынэхъ лъапIэщ процент 48-кIэ, кхъуэлым нэхърэ проценти 180-кIэ, джэдылым нэхърэ тхукIэ. Франджы еджагъэшхуэхэм къызэрахутамкIэ, мэлылымрэ мэлыцымрэ зэгъусэу къыщIах фейдэм нэхърэ нэхъыбэ мэлышэм къыпэкIуэу къыщIэкIащ.

Ди республикэмкIэ къэдгъэзэжынщи, девгъэгупсысыт: дэ езыр-езыру къэкI хъупIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ куэду щыдиIэкIэ, Iэщ лIэужьыгъуэ псори абыхэм зэхуэдэу зыхуей хуэзэу щыбгъэхъуакIуэ щымыхъукIэ, гъавэ щагъэкI щIыпIэхэри щымащIэкIэ, цIыхуми Iэщми ярикъуу гъавэри мэкъумылэри къэлэжьын щыхуейкIэ, къэнэжыр сыт? Мэл гъэхъуныр хозяйствэхэми унагъуэхэми еужьэрэкIауэ щегъэфIэкIуэжынырщ. Абы папщIэ зэгъэпэщыжын хуейщ ди щIыуэпсым фIыуэ езэгъыу, хьер куэди къыпыкIыу ди деж щагъэхъуу щыта мэл лъэпкъыфIхэр. Абы къыкIэлъыкIуэу убзыхупхъэщ къуажэ къэс щагъэхъу хъуну мэл лъэпкъымрэ абы и бжыгъэмрэ.

Ди республикэм мэл щызыгъэхъухэм ахэр зэраIыгъ-зэрагъашхэ щIыкIэхэр лIэужьыгъуищ мэхъу. А псори илъэс 60-м щIигъукIэ зыджа сэ, езгъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къарикIуахэр си тегъэщIапIэу, мы IэнатIэм пэрытхэм чэнджэщ язот: гъэмахуэ хъупIэхэр къэзыгъэсэбэпхэм лыфI зыщI, цышхуэ къызытекI «советскэ» лъэпкъыр ягъэбэгъуэну, илъэс псом бгылъэ хъупIэхэр къэзыгъэсэбэп хозяйствэхэм «къэрэшей» лъэпкъыр ирагъэфIэкIуэну, тафэтес щIыпIэхэм мэл щызыгъэхъухэм лыфI зытезылъхьэ ташлинскэ, гъэшыфI къэзыт «къуэкIыпIэ-фризскэ» лъэпкъхэм зрагъэужьыну.

Ди республикэм гъавэ зытепсэ хъуну иIэ щIыр мащIэщ, зэрыхъури гектар мин 280-рэ къудейщ, абыи илъэс къэс хэщI фIэкIа хэхъуэркъым. Апхуэдэу щытми, а щIы мащIэ диIэм къегъэлэжьын хуейщ цIыхуми Iэщми ярикъун ерыскъыпхъэрэ мэкъумылэрэ. Ар къыщыдэхъулIэнур гъавэ щIапIэхэр, хъупIэ-мэкъупIэхэр дегупсысауэ, акъыл хэлъу къэдгъэсэбэпмэщ. Ди щIыпIэм нэхъ къыщезэгъыну Iэщ лIэужьыгъуэхэм я гугъу пщIымэ, гулъытэ нэхъ яхуэщIыпхъэщ советскэ мясошерстнэ, къэрэшей мэл лъэпкъхэм, швицкэ, абердин-ангусскэ былым лъэпкъхэм, адыгэшхэм. Апхуэдэ Iэщхэр гъэхъуэкIуапхъэщ, хъупIэхэм я щытыкIэм елъытауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэурэ зэхэдзауэ. Зы хъупIэ Iыхьэм мэлыр махуи 5 - 6 нэхърэ нэхъыбэкIэ щыпIыгъмэ, щIыгулъыр зэщегуэ, щIы щхьэфэр зэхекъутэри, удз лъабжьэхэм сэкъатышхуэ ягъуэт. Мэлхэр щыбгъэхъуэкIуэну фIы дыдэу къозэгъ гъавэр здыIуахыжа щIыпIэхэр, гъэужь къызытекIэжа мэкъупIэхэр. Адрей Iэщхэр щымыхъуэкIуэф хъупIэхэм мэлыр фIыуэ зэритыфым, удз лIэужьыгъуэ куэди зэришхым абы къыпыкI хэхъуэр нэхъыбэ ещI. ГурыIуэгъуэкъым апхуэдиз фIагъ зиIэ, фейдэ хъарзыни къызыпыкI мэлым адыгэхэм я щIыб щIыхуагъэзар, хъерышхуэ къыщалэжьу къекIуэкI къущхьэхъу хъупIэхэр яутIыпщыжу илъэс куэдкIэ къэкI икIи щхъухь бзаджэ зыхэлъ шэджыдзымрэ удзыжьымрэ щIрагъэубыдыжар. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, къущхьэхъу хъупIэхэм шэджыдзхэр, удзыжьхэр, чыцэхэр хэбгъэкъэбзыкIыжмэ, азот зыхэлъ щIыгъэпшэру щIы гектарым хуэзэу килограмм 80 - 120-рэ хэплъхьэмэ, абы щыпIыгъ хъуну Iэщым и бжыгъэри хьерри тIум нэблагъэкIэ нэхъыбэ пхуэщIынущ.

Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, республикэм мэл гъэхъуныр щызэфIэбгъэувэжын папщIэ, ди деж нэхъ къыщезэгъыну мэл лъэпкъхэр щытщIэкIэ, мы лэжьыгъэм еувэлIапхъэ хозяйствэхэр, абыхэм яIыгъыпхъэ мэл бжыгъэр тэмэму убзыхуауэ, племенной лэжьыгъэр щIэныгъэм къызэригъэлъагъуэм тету къызэгъэпэщыжауэ хуабжьу къытхуэщхьэпэну лэжьыгъэм тегушхуэжын, мэл зыIыгъыну хуей псоми племенной мэлкIэ ядэIэпыкъун хуейуэ аращ. Мы Iуэхур хуабжьу игъэкIуэтэнут, Краснодар, Ставрополь крайхэм, КъБР-м, КъШР-м я IэщIагъэлIхэр зэгурыIуэрэ зэдэIэпыкъуу зэдэлажьэмэ. Мы IэнатIэр къэIэтыжынымкIэ узыхуеину адрей псори ди регионым къыбдэхуэжу щыбгъуэтынущ.

**УЭЛДЖЫР Мушэхьид**,
*мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*




● ЖыІэгъуэхэр

# Къэзыгъуэт зэпымыууэ мэлъыхъуэ

♦Щэм щыщу щхьэм текІуадэр зыщ, къэнар щхьэншагъэм ехь.
♦Япэу уи тхьэкІумэм къицырхъар зэхъуэкІыжыгъуейщ: пэжми пцІыми.
♦Псэм бэмпІэгъуэ телъмэ, узыншагъэми Іэфl щІэлъкъым.
♦Псэр зыгуэрым и Іэмыщlэ илъмэ, хьэзаб телъщ.
♦Щхьэ зыфІэтым жьэр йокІу.
♦Гъатхэр блэкlакlэ пэплъэн къагъанэркъым.
♦ГъащІэр щІыхуэщ, къозытам пlехыж: ептыжын иумытыжынкlэ къоупщІыркъым.
♦Гъэгъам псэр пlэпех, ныбэр дихьэхыркъым.
♦Зи щхьэр хэутэн хъунур и щхьэфэм щысхьыркъым.
♦Зи щІыб къыпхуэзыгъазэм и напэр нэхъ Іупщlу болъагъу.
♦Зи щхьэ и унафэ зыхуэмыщІыжым къыхуащl и унафэщ.
♦Къэзыгъуэт зэпымыууэ мэлъыхъуэ.
♦Лэжьыгъэм зыпыlубдзмэ, гугъуехьым упэщlохуэ.
♦МафІэм исын пэрумыдзэмэ, зэхокlыж.
♦Нэр изыщlыр умылъагъумэ, къэзыгъэплъэжми гу лъыптэркъым.
♦Псыдзэмрэ цlыхушхуэмрэ зы хьэл яlэщ: я занщlэр я гъуэгущ.
♦Цlыхур номиным къытехъукlауэ уи фlэщ зыщlын куэд дыболъагъу.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Гъуэгуанэ тхыгъэ

# Дакъэжь мафІэ

Гурэ псэкlэ зыщыбгъэпсэхур уи адэ-анэр, адэшхуэ-анэшхуэр, уи унагъуэр, къыбдалъхуахэр ущигъусэм дежщ. Псом хуэмыдэу адэшхуэ-анэшхуэхэм я деж бынхэм я быныжхэр щызэхуэсыжмэ, ар абыхэмкlэ гуфlэгъуэшхуэщ.

Си гум куэдрэ къокlыж зы теплъэгъуэ. Жьэгум дэсу ди нанэ пэрыlэмбэкlэ дэп жьэражьэр зэбгритхъуурэ дзасэкlэ лы гъэгъупцlар зэригъажьэу щытар.

Гуарцэ пщтырыр зи гущlыlум телъ тебэшхуэм и щхьэр тригъэжырт, чыржын пщтырхэр кърихыжырти, къытригъэувэрт. Хьэцыбанэ шей lувыр шатэпскlэ зэlихырт, кхъуейщlэмыхур бзыгъэфl дыдэурэ иубзытэрти, lэнэ цlыкlур къиузэдырт. lэфlу дигъэшха нэужь, нанухэр нанэ дыкъепщlэкlауэ дызэхэтlысхьэжырт, хъыбарыфlхэм ди тхьэкlумэр тегъэпсауэ дедэlуэну дыхьэзыру.

**БАГЪ Марьям.**

# Гуэгушыл гъэва, шыпс и гъусэу




Абы щхьэкlэ гуэгуш гъэкъэбзар якъутэ е зэпкърах, псы щlыlэкlэ ятхьэщlыж. Шыуаным иралъхьэри, псы щlыlэ щlакlэ, мафlэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Мафlэр цlыкlу ящl, шыуанышхьэр трапlэри, ныкъуэвэфl хъуху ягъавэ, тхъурымбэри дагъэри къытрахыурэ. Итlанэ абы бжьыныху-шыгъу тlэкlу, губгъуэпхъ халъхьэри, хьэзыр хъуху шыуанышхьэр тепlауэ ягъавэ. Гуэгушыл гъэва lыхьэхэр лэпсым къыхахыжри, хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, и щхьэр трапlэж. Лэпсыр тlэу-щэ бинткlэ яз.

***Шыпсыр зэращlыр:*** шыуаным тхъу иралъхьэ, е лэпсым къытекlа дагъэр иракlэри, къагъэплъ, абы щимэ цlыкlуурэ упщlэта бжьыныщхьэ халъхьэ, чымчыркlэ зэlащlэурэ ягъэлыбжьэ, гъуэжьыфэ къытеуэхукlэ. Итlанэ абы, зэlащlэурэ, гуэдз хьэжыгъэ халъхьэри, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ. Абы шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, зэlащlэурэ дакъикъитl хуэдизкlэ ягъэлыбжьэ. Лэпсым и ткlыбжьыр имыlэн щхьэкlэ, япэщlыкlэ шыуаным псы щlыlэ тlэкlу иракlэ, итlанэ лэпс зар хакlэ, чымчыркlэ зэlащlэурэ. Гуэгушыр щlэмэ, псы щlыlэ хыумыкlэми хъунущ. Къагъэкъуалъэ дакъикъэ 25 - 30 хуэдизкlэ, зэзэмызэ чымчыркlэ зэlащlэурэ.

Хьэзыр хъуа шыпсыр пэшхьэкум къытрахыж, джэдгын хаудэри, и щхьэр тепlауэ дакъикъэ зытхухкlэ щагъэт, нэхъ lэфl, мэ гуакlуэ къыхихын щхьэкlэ. lэнэм гуэгушыл гъэвари шыпсри щхьэхуэ-щхьэхуэу трагъэувэ, бжьыныху-шыгъу шейщlэт цlыкlукlэ трагъэувэ. Пщтыру, пlастэ, мэжаджэ е чыржын и гъусэу яшх.

*Халъхьэхэр (цlыхуий lыхьэ):* гуэгушылу - г 1500-рэ, псыуэ - г 2000, бжьыныху укъэбзауэ - г 60, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, тхъууэ е дагъэу - г 150-рэ, гуэдз хьэжыгъэу - г 80, шыпсым хакlэну лэпсу - г 1300-рэ, псы щlыlэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● ГушыІэхэр

## Умыгузавэ, нанэ

Даринэ цlыкlу пщэдджыжьышхэ ищlыну lэнэм пэрытlысхьащ.

Анэшхуэр сабийм йоупщl:

- Зыптхьэщlа, си хъыджэбз цlыкlу?

- Хьэуэ, нанэ.

- Апхуэдэу хъурэ-тlэ?! Зумытхьэщlмэ, шейтlанхэр къыбдэшхэнущ, - жеlэ анэшхуэм.

- Умыгузавэ, нанэ, ахэр къэсыхукlэ сэ шхэн сухынущ.

## Кхъухьлъатэ жысlакъэ?!

Алим цlыкlу джэгуу пщlантlэм здыдэтым уэгум ит кхъухьлъатэм гу лъитащ. Адэкlэ къыщыт анэшхуэми ар иригъэлъагъуну щlалэ цlыкlур еджащ:

- Нанэ, нанэ, еплъыт, кхъухьлъатэ.

Арщхьэкlэ нанэм ар зэхимыхарэ е къыфlэмыlуэхуарэ - къэплъакъым.

Къытригъэзэжурэ Алим анэшхуэм еджа щхьэкlэ къызэплъэкlыртэкъым. Итlанэ щlалэ цlыкlум къэгубжьауэ жиlащ:

- Нанэжь, кхъухьлъатэ жысlакъэ?!

## Сыбжащ

Анэр щlэупщlащ:

- Данэ, удэlэпыкъуа нанэ къазхэр щигъэхъум?

- Сыдэlэпыкъуащ.

- Дауэ?

- Сэ ахэр зэпымыууэ сыбжащ.

● Хъыбар зиlэ псэлъафэхэр

## Уэ укъыщаша махуэр нэхъ гукъутэгъуэшхуэт...

Зэтlуанитlым я лlыр лlауэ ягъейрт.

- Нобэрей махуэр сыту гукъутэгъуэшхуэт! - гъуэгыурэ нэхъыщlэм щыжиlэм:

- Уэ укъыщаша махуэр нэхъ гукъутэгъуэшхуэт нобэ нэхърэ, - жиlащ нэхъыжьым.

## Пэжымрэ пцlымрэ я зэхуакур

- Пцlымрэ пэжымрэ сыт я зэхуаку, Жэбагъы? - жаlэу щеупщlым:

- Плlалэщ! - итащ жэуап.

- Ар дауэ? - щыжаlэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы и lэпхъуамбиплlыр и нэмрэ и тхьэкlумэмрэ я зэхуакум дилъхьэри:

- Мыракъэ пэжымрэ пцlымрэ я зэхуакур? Нэм илъагъур пэжщ, тхьэкlумэм зэхихыр пцlыщ, сыту жыпlэмэ, ялъагъур зэрамыхьэкlыу зэи яlуэтэжыркъым, - къажриlащ.

## Ахъмэт и фо изщ

Къущхьэхъу щlыпlэм щыlэщ Ахъмэткlэ зэджэ бгы лъагэ. Абы и джабэм апхуэдизкlэ бжьэ куэд исщи, абыхэм ящl фор гъэми щlыми бгы гъуанэм къитlэтlу изу жаlэ. Ауэ бгыр апхуэдизкlэ лъагэщ, задэщи, фор къипхыну lэмал хуэбгъуэтыркъым.

«Ахъмэт и фо изщ» псалъэжьри абы къытекlащ. Улъэмыlэсмэ, къыпlумыхуэмэ, сыт и мыхьэнэ жыхуиlэщ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Іэщхэм я тхьэу къалъытэу щыта. **5**. Іэзэ къашэри, ... ирищІщ. **6**. ... дзыусщ. **7**. Шы зимыІэм ... къещэху. **8**. Шыпхэм пысу ... къихьу къэкІуэжа нэхъей, зекІуэ къикІыжар и щхьэ щотхъуж. **9**. Іэщ цІыкІу къуейщІей. **12**. Лъахъстэн вакъэ. **14**. Къулыкъущlэ нэпсейхэм щэхуу къыІах ахъшэ. **16**. Нартхэм я биижь лъэпкъ. **17**. ІэмыкІуэлъэмыкІуэ. **19**. А ІэфІыкІэм дыгъужьыр нэкІи пэкІи пхуеплъынукъым, ауэ мыщэм, зыІурыбзаежу, ешх. **20**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ? **2**I. ЯлъэкІатэми, ... я фэ изых а бадзэжьыр дунейм трахунт шыхэми, Іэщми. **22**. Таурыхъым хэт а фызыжьыр хьилэшыщ, ауэ акъылкІэ Шыкъумцlий къыпэлъэщакъым.

***Къэхыу:*** **1**. Къуаргъым нэ хуащІати, ... жиІащ. **2**. Блэм и бзэгу. **4**. Емыгупсысауэ Іуэху гуэрхэр къезыхьэжьэ, зи акъылыр къызэмэщІэкI. **5**. Выгур зезыгъакІуэм иІыгъ чы кІыхь. **10**. ЦІыху пшэр, лы лей зытелъ. **11**. ... гъущэрылъэ фыз игъэплъа лІырэ. **13**. Дохутырхэм я бзэгум ІэфІ къыщІэнэжакъым, «абы фемыфэ, узыншагъэмкІэ зэранщ» жаІэурэ, арщхьэкІэ цІыхухъухэм я зэхуэдитІым нэблагъэм, я тхьэкІумэм цІыв ирагъэпщхьауэ, ар зэхахыркъым. **14**. И унафэщІым щытхъупс кърегъэжэх, и хьэр псафэ хуишэну сыт щыгъуи хьэзырщ. **15**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **16**. Фадэ фІыуэ щІэпкІэмэ, апхуэдэу уохъу. **18**. Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къищІынщ, цІыху ... бгъашхэмэ, уи Іупэм къеуэжынщ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Дыгъэгъазэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Къэхыу:*** **1**. БжьыфІэ. **4** Шылэ. **5**. Псей. **9**. Пхъэхь. **10**. Данэ. **11**. Іэлъэ.
***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Нып. **3**. Пшэплъ. **6**. Мыл. **7**. Ету. **8**. Алъп. **10**. Дыщ. **12**. Іэжьэ. **13**. Нащэ. **14**. Уэс.

# Кфар-Камэ ООН-м и нэIэ щIоувэ

**Мы махуэхэм дунейм адыгэу тетыр зыщыгуфIыкIа хъыбар гуапэ къэIуащ. Израилым щыIэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэр хэхуащ ООН-м «турист жылэу» къилъыта гупым. Къэрал 57-м щыщу турист щIыпIэ телъыджэу къалъытэну хуейуэ къагъэхьа лъэIуи 130-м пхыкIащ ди лъэпкъэгъухэр зыдэс къуажэр. Иджы абы мылъкушхуэ хуаутIыпщынущ, туризм ехьэжьа щагъэпсын папщIэ.**



● Ди лъэпкъэгъухэр



«МЫ текIуэныгъэм Израилыр дуней псом щыцIэрыIуэ турист щIыпIэ ехьэжьахэм ябгъуригъэувэнущ», - жиIащ Израилым туризмэмкIэ и министр Разбозов Йоэль. ИкIи Израилыр япэу хэхуэу аращ ООН-м мыхьэнэшхуэ зиIэу къилъытэ турист щIыпIэхэм.

Мы зэпеуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр цIыху мин 15-м нэс зыдэс жылэхэр, турист кIуапIэхэр, нэхъри егъэфIэкIуэнырщ. Кфар-Камэ илъэси 150-рэ и пэ адыгэхэм яухуа жылэщ, тхыдэ гъэщIэгъуэн иIэу, адыгэ хабзэ, щэнхабзэ щызэрахьэу, адыгэбзэкIэ щыпсалъэу, адыгэ музей дэту. Абы сытым дежи дихьэхырт туристхэр, а псори къалъытагъэнщ, мылъкукIэ зыщIагъакъуэу нэхъри зрагъэужьыну щIыпIэу къыщыхахым.

Езы адыгэ къуажэр Тель-Авив и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ -километри 120-кIэ, Тберие гуэлым километр 20 - 25-кIэ пэIэщIэу щысщ. Кфар-Камэ цIыху 4000-м нэблагъэ дэсщ, ар унагъуэ 1130-рэ мэхъу. Абыхэм я процент 90-р шапсыгъщ, абазэхэхэр, хьэтыкъуейхэр, бжьэдыгъухэр унагъуэ зыбжанэ мэхъу.

Жылэр жэнэт лъахэ цIыкIу хуэдэщ, хэкум зэрыпэIэщIэр думыгъуэмэ. Куэбжи бжыхьи щумылъагъу щIыпIэщ ар, и жьэгу пащхьэр зэщIэгъэнарэ берычэтыр дэзу, хьэрыпыбзи журтыбзи щыземыкIуэу, адыгэбзэ фIэкIа щызэхыумыхыу. Къуажэкум къатищу зэтету администрацэм и унэр итщ, библиотекэ хэтщ. Къуажэм ущыдыхьэкIэ гъуэгугъэлъагъуэхэм тет псалъэхэр журтыбзэкIи адыгэбзэкIи тетхащ, IуэхущIапIэу дэтми, уэрамхэми я цIэр адыгэбзэщ зэрытетыр икIи адыгэцIэщ зэрахьэр - Къэбэрдей, Шапсыгъ, IуащхьэмахуЭ, Хъан гъуэгу, Налшык, Псы, Мазэ...

Дэсхэр гъунэгъу къалэхэм щыIэ фабрикэхэм, заводхэм щолажьэ, дзэм, полицэм къулыкъу щащIэ, абы къыдэкIуэуи тыкуэн, шхапIэ, щхьэц щIэщапIэ хуэдэхэр къызэIуахауэ ягъэлажьэ, щIыгум толэжьыхь, былым ягъэхъу, жыг хадэ хасэ. Къыхэгъэщыпхъэщ унагъуэ Iуэху гуэр зэфIагъэкIын е цIыхур зыхуей хъу Iуэхутхьэбзэр игъуэтын папщIэ ахэр нэгъуэщI къалэ кIуэн зэрыхуэмейр. Кфар-Камэ псори щыбогъуэт, курыт еджапIэ, сабий гъэсапIэ, сымаджэщ, банк, пощт - псори дэтщ, тыншу ущопсэу.

Умыгъэщ1эгъуэн плъэкIыркъым журт къэралым ис адыгэ къуажэ цIыкIум дэсхэм я анэдэлъхубзэм пщIэ зэрыхуащIыр. Ахэр къызыхэкIа лъэпкъым, я адэжьхэм, адыгэ мамлюкхэм яхэлъа лIыгъэмрэ яIа щIыхьымрэ, я хабзэ дахэмрэ нэмысымрэ ирипагэу мэпсэу нобэр къыздэсым икIи къыдэкIуэтей щIэблэр абы зэрыщIапIыкIыр нэрылъагъущ. Къуажэм адыгэбзэ фIэкIа зэрыщыземыкIуэр щыхьэт тохъуэ я лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрызиужьам.

Кфар-Камэ и псэукIэр зэрызэIузэпэщым къегъэлъагъуэ къэралыгъуэр зей журтхэмрэ ди лъэпкъэгъухэмрэ зэгурыIуэрэ лъытэныгъэрэ я зэхуаку дэлъу зэрызэдэпсэур. Журтхэми пщIэ къыхуащI адыгэхэм, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, я жылэр зыхуей хуэзэу, къабзэу зэрахьэу зэрыщытым гу лъатэ, абы нэхъри зиужьын папщIэ мылъкукIэ зыкъыщIакъуэ зэпытщ.

Къуажэм мыадыгэ щыпсэукъым. ЩIалэгъуалэр инженеру, архитектору, дохутыру, экономисту, адвокату йоджэ, къэралым пщIэ къыщыхуащIу щолажьэ. Хьэрып, журт къалэхэм IуэхущIапIэхэм я унафэщIу ди лъэпкъэгъу куэд щыIэщ, уеблэмэ бзылъхугъэ къудейуэ банкхэм я унафэщIу щы яIэщ. Нэхъыбэр щылажьэр Хайфэрэ Тбериерэщ, ахэр нэхъ я гъунэгъущи. Жылэдэсхэм пашэу, пэрыту къахэщыр куэд мэхъу.

«Ди гъунэгъуу къыщыс журтхэм, хьэрыпхэм еджэныгъэкIэ, IуэхукIэ, лэжьапIэкIэ дапыщIащ. Зэи хьэлэбэлыкъ ди зэхуаку къыдэхъуауэ сщIэжыркъым. Къэралыр къапщтэмэ, «сыадыгэну сыхуейщ» жыпIэмэ, зыри къыщыппаубыдыркъым. Уеблэмэ, зыгуэр ухуэныкъуэмэ, къыбдэIэпыкъунущ», - жеIэ къуажэм и тхьэмадэ Нэпсо Закарие.

Кфар-Камэ дэсхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэмрэ щахъумэу яIэ Адыгэ музейрщ туристхэм я зыплъыхьыпIэ нэхъыщхьэр. Ар 2006 гъэм къызэIуахауэ щытащ. Музейр тIууэ зэтет унэшхуэщ, ар 1900 гъэм ящIауэ щытащ. ГъэщIэгъуэнщ музей ящIыжа унэшхуэм и хъыбарыр. Ар Щхьэлахъуэхэ ейуэ щытащ. Къуажэдэсхэм къызэрыджаIэжымкIэ, зэкъуэшхэу Iэсхьэдрэ Саидрэ хуабжьу къулейуэ, щIэныгъэ яIэу щытащ. Тырку къэралыгъуэм къикIыу Кфар-Камэ къэкIуауэ зы министри, генерали, сатуущIи кIуэжыртэкъым, Щхьэлахъуэхэ емыблэгъауэ. Зэшхэм щхьэлитху ягъэлажьэрт, щIыгу гектари 100-м щIигъу яIыгът, унэIут щэныкъуэ яIэт.

Иджы музейуэ ягъэпсыжа а унэм и тхьэмадэу щыта Щхьэлахъуэ Iэсхьэд къытехъукIыжахэр Иорданием щопсэу, абы и къуэш Саид къытекIахэми Иорданиемрэ Америкэмрэ псэупIэ яхуэхъуащ. Кфар-Камэ жылэ Хасэм унэмкIэ хуитыныгъэхэр къыдихри, музейуэ ягъэпсыжауэ, къуажэдэсхэми къакIуэ туристхэми адыгэм и хъыбар щыхуаIуатэу мэлажьэ. Абы щIэлъ дэтхэнэ хьэпшыпми щIэупщIэ иIэщ, я тхыдэр цIыкIуи ини яфIэгъэщIэгъуэнщ. Музейм щIэлъ экспонатхэр ди адэжьхэм я щIэин дыдэщ, лIэщIыгъуэ гъуэгуанэ къызэпачауэ ди нобэрей гъащIэм къахьэсащ. Туристхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ адыгэ фащэр, Iэщэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗыплъыхьакIуэхэм я процент блыщIыр Израилым ис журтхэращ. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэм и хъыбар зэзыгъэщIэну хуейхэрщ. Процент 14 хуэдизыр хьэрыпщ. Ахэри я гуапэу къакIэлъокIуэ, адыгэмрэ муслъымэнымрэ ягу дохьэри, нэхъ гъунэгъуу зрагъэцIыхуну, я къекIуэкIыкIам зыщагъэгъуэзэну хуейуэ апхуэдэщ. Адрей къэнар, къэралым къихьэ туристхэращ - итальян, урыс, нэгъуэщI лъэпкъхэрщ.

Израилым ЭкономикэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ, Кфар-Камэ щыIэ Адыгэ Хасэм жыджэру хэт Нэпсо Айбэч лэжьыгъэ зэманым къыщыдэхуэкIэ, Адыгэ музейми щолажьэ. Бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрищIэм къыхэкIкIэ, Кфар-Камэ къыдыхьэ туристхэми адыгэм и блэкIамрэ нобэ и щыIэкIэмрэ ирегъэцIыху, музейм щIэлъ хьэпшыпхэм я мыхьэнэмрэ къызэрагъэсэбэпу щытамрэ яжреIэ, адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я къулеягъыр яхуеIуатэ.

«Узыхуей IэщIагъэр зэбгъэгъуэта нэужь, лэжьапIэ тыншу къыбогъуэт. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ уиIэмэ, уIэщIагъэлI хъарзынэмэ, укъагъэщIэхъунукъым. Уеблэмэ, узэрыадыгэр къащIамэ, нэхъ гулъытэ, дэчых къыпхуащIынущ. Сэ нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэм жаIэу куэдрэ зэхэсхащ адыгэр зэрыцIыху пэжыр, и лэжьыгъэр гугъэзагъэу зэрызэфIигъэкIыр, дзыхь хуэпщIар езым и щхьэ Iуэхум хуэдэу зэрызэфIихыр. «Iуэху гуэр адыгэм и пщэ дэплъхьамэ, угъуэлъыжу ужей хъунущ», - жаIэ журтхэм», - къыджиIащ Айбэч.

Жылэм и къабзагъми, музейм и беягъми, дэсхэм я тхыдэми димыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым туристхэр. Езы къуажэр музей хуэдэщ, журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм я хъугъуэфIыгъуэхэр щахъумэу. Зи гугъу тщIы Iуэху псоми дяпэкIэ дунейпсо мыхьэнэ иIэнущ. ООН-м и мылъкукIэ адыгэ къуажэр нэхъри ирагъэфIэкIуэнурэ турист кIуапIэ ехьэжьа хъунущ.

*Тхыгъэри сурэтхэри зейр*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Аслъэнджэрий и IэдакъэщIэкIхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Живопись, взгляд в прошлое» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ сурэтыщI Уянаев Аслъэнджэрий и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ.**

ХУДОЖНИКЫР республикэм щыпсэухэм зэрахуэупсэ и гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIеубыдэ и лэжьыгъэ пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм яхэтщ пхъэм, Iуданэм, нэгъуэщIхэми къыхищIыкIа сурэт гъэщIэгъуэнхэр.

Уянаев Аслъэнджэрий 1962 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м Налшык къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и инженер-ухуэныгъэ факультетым архитектор IэщIагъэр щызэригъэгъуэтащ. 1985 гъэм Ленинград кIуэри, иджырей сурэтыщI гъуазджэм зыщигъэгъуэзащ, икIэм-икIэжым аращ IэщIагъэ хуэхъуари. Урысейм къищынэмыщIауэ, абы и лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ хамэ къэралхэми. Мы зэманым ар щыпсэури щылажьэри ди республикэращ.

СурэтыщIым и лэжьыгъэхэм щыщ Урыс къэрал музейм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Санкт-Петербург, нэгъуэщI къалэхэм щыIэ музейхэм, цIыху щхьэхуэхэм я гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ.

Художникым и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэт хьэлэмэтхэм зыщывгъэгъуазэфынущ щIышылэм и кIэ пщIондэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту иатхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.616 • Заказыр №47

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А